# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–23 अगस्त 2025 भोजपुरी समाचार

देस भर में आजु दुसरका राष्ट्रीय अंतरिक्ष दिवस मनावल जा रहल हवे। अजुये के दिन्ने दुइ हजार तेइस में चंद्रमा के दक्षिणी ध्रुव पर चंद्रयान–तीन क सफल लैंडिंग भइल रहे। राष्ट्रीय अंतरिक्ष दिवस पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एगो वीडियो संनेसा में कहले हवे कि देस सेमी क्रायोजेनिक इंजन अउर इलेक्ट्रिक प्रोपल्शन जइसन उन्नत तकनीक के क्षेत्र में तेजी से आगे बढ़ि रहल हउवे अउर जल्दिये गगनयान मिसन के सुरूआत करी। उहां के कहलीं कि आवे वाले समय में भारत आपन अंतरिक्ष स्टेसन बनाई।

**आज भारत सेमी क्रायोजेनिक इंजन और इलेक्ट्रिक प्रपल्सन जैसी ब्रेक थ्रू टेक्नोलॉजी में तेजी से आगे बढ़ रहा है। जल्द ही, आप सब वैज्ञानिकों की मेहनत से, भारत गगनयान की उड़ान भी भरेगा, और आने वाले समय में भारत अपना स्पेस स्टेशन भी बनाएगा।**

प्रधानमंत्री वीडियो सनेसा के जरिए देसभर के वैज्ञानिकन अउर नवजवानन के सथहीं अंतरिक्ष क्षेत्र से जुड़ल हर मनइ के बधाई दिहलें। उहां के कहलीं कि भारत अंतरिक्ष क्षेत्र में एक के बाद एक उपलब्धि हासिल कइ रहल हउवे अउर पछिला ग्यारह बरिस में सरकार अंतरिक्ष क्षेत्र में कई गो सुधार कइले हवे।

**स्पेस सेक्टर में, पॉलिसी लेवल पर भी, कहीं कोई आखिरी ठहराव नहीं होना चाहिए। और इसीलिए, मैंने लालकिले से कहा था, हमारा रास्ता रिफार्म, परफार्म और ट्रांसफार्म का रास्ता है। इसलिए बीते ग्यारह वर्षों में देश ने स्पेस सेक्टर में एक के बाद एक लगातार बड़े रिफार्म्स किए हैं।**

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो राष्ट्रीय अंतरिक्ष दिवस पर शुभकामना दिहले हउवे। एगो सोसल मीडिया पोस्ट पर उहां के कहलीं कि ई दिन हम्महन के भारत के वैज्ञानिक प्रतिभा पर गर्व क अहसास करावेला।

**********

लखनऊ क रहवइया अंतरिक्ष यात्री ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला राष्ट्रीय अंतरिक्ष दिवस पर आजु नई दिल्ली के नेहरू तारामंडल में आर्यभट्ट गैलरी क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि ई समय हमहन के देस क एगो स्वर्णिम समय हउवे। हम सबके येह समय उत्साहित होखे के चाही। अंतरिक्ष यात्री शुभांशु शुक्ला पचीस अगस्त के लखनऊ अइहें। उनके स्वागत खातिर व्यापक तइयारी कइल जा रहल हवे।

**********

लखनऊ में आजु उत्तर प्रदेस न्यायिक सेवा संघ क बयालीसवां अधिवेशन आयोजित कइल गइल। येहमें इलाहाबाद उच्च न्यायालय क मुख्य न्यायाधीश न्यायमूर्ति अरुण भंसाली, आ कई गो अउरियों वरिष्ठ न्यायाधीश आ प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सामिल भइलें। अधिवेसन के संबोधित करत मुख्यमंत्री प्रदेस सरकार की ओरि से उत्तर प्रदेस न्यायिक सेवा संघ के पचास करोड़ रूपिया क कॉर्पस फंड दिहले क घोसणा कइले। मुख्यमंत्री कहले कि कवनहू राज्य क छवि ओइजा रहे वाले लोगिन के मन में विस्वास के रूप में प्रस्तुत कइले में न्यायिकपालिका क बड़हन भूमिका होला। न्यायिक व्यवस्था के मजबूत कइले में सरकार के कोसिस क जनकारी देत उहां के बतउलीं कि प्रदेस सरकार दस जिलन में इंटीग्रेटेड कोर्ट कॉम्प्लेक्स बनावे बदे आपन सैद्धांतिक स्वीकृति दे दिहले हवे। मुख्यमंत्री कहले कि पॉक्सो कोर्ट, फास्ट ट्रैक कोर्ट आ अउरियो अदालतन के जरूरति के धियान में रखत सरकार तीन सौ इक्यासी अदालतन के गठन के कामों के पूरा करा चुकलि हउवे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर पहुचले। उहां के गोरखपुर सहर के मानबेला अउर राप्तीनगर विस्तार योजना में बनल दुइ गो अलग अलग कल्याण मंडपम क मानबेला से लोकार्पण कइलीं। ई कल्याण मण्डपम अल्प अउर मध्यम आय वर्ग के लोगिन बदे उनके मांगलिक अउर सार्वजनिक कार्यक्रमन के कम खरचा में आयोजित कइले के उद्देश्य से बनावल गइल हवे। येह मौका पर मुख्यमंत्री एगो जनसभो के संबोधित कइलें।

मुख्यमंत्री बिहने श्रीगुरु ग्रंथ साहिब के प्रकास पर्व के मौका पर गुरुद्वारा पैडलेगंज के सुंदरीकरण कार्यो क लोकार्पण करिहे। प्रदेस सरकार के धारमिक स्थलन के सुन्दरीकरण योजना के जरिए दुई करोड़ चौतीस लाख उन्हतर हजार रूपिया के लागत से येह गुरुद्वारा क सुंदरीकरण भइल हउवे।

**********

प्रदेस सरकार में वित्त अउर संसदीय कार्य मंत्री आ वाराणसी जिला क प्रभारी सुरेश खन्ना के अध्यक्षता में आजु जिला के कई गो परियोजना के बारे में समीक्षा बइठकी भइल। येह दौरान प्रदेस के वन ट्रिलियन डॉलर क अर्थव्यवस्था बनवले में वाराणसी के योगदानों क समीक्षा कइल गइल। बइठकी के संबोधित करत प्रभारी मंत्री खेती अउर ओहसे जुड़ल क्षेत्रन के जीडीपी में योगदान बदे गुणात्मक रूप से बढ़वले पर जोर दिहले।

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूर्वी अउर पच्छिमी जिलन में पचीस अगस्त ले कहीं–कहीं भारी बरखा क चेतावनी जारी कइले हवे। विभाग के मोताबिक आजु आ बिहने भारी बरखा के सथहीं कुछु जगहिन पर बिजुलियों गिरले क आगम बाटे। येह बिच्चे गोरखपुर अउर आस–पास के कई गो पूर्बी जिलन में जियादेतर जगहिन पर आजु मौसम साफ रहल अउर दिन में घामो निकरल।

**********